

**Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2019**

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 43 MILYON DOLA POU 31 PWOJÈ NAN KONTE  
CAYUGA AK OSWEGO POU FÈ VANSE INISYATIV POU REZILYANS AK  
DEVLOPMAN EKONOMIK LAK ONTARIO A**

***Yo te Chwazi Pwojè REDI Kominote a te Idantifye apre Ekspè yo te fè Evalyasyon  
ak Revizyon yo***

***Yo te Apwopriye 300 Milyon dola Ototal pou Kominote bò Rivaj yo ki gen ladan 15  
Milyon Dola pou Dragaj Rejyonal, 30 Milyon Dola pou Biznis Prive yo ak 20 Milyon  
Dola pou bay Pwopriyetè Kay yo Asistans***

***Jiska 8 Milyon Dola Pral Disponib pou Mèt Kay Kalifye ki gen Dezyèm Kay yo nan  
kad 20 Milyon Dola Pakè Asistans Global pou Mèt Kay la***

***Komisyon REDI a pral Òganize Konferans sou Reyalizasyon Pwojè nan Albany  
nan dat 20 Novanm***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke eta a ap bay 43 milyon dola pou fè vance 31 pwojè nan konte Oswego ak Cayuga kòm yon eleman nan premye faz finansman nan kad Inisyativ pou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lak Ontario a. [Gouvènè Cuomo te lanse REDI an Me](#) pou ogmante rezilyans kominote bò rivaj yo ak ranfòse devlopman ekonomik nan rejyon an. Anons jodi a make yon etap enpòtan nan efò REDI ap fè a. Pwojè yo ke kominote yo te idantifye epi ekspè ajans eta a yo te evalye, reponn a bezwen rezilyans imedya yo ansanm ak bezwen alontèm yo, y ap amelyore devlopman ekonomik, pwoteje enfrastrikti esansyèl, enkòpore karakteristik ekolojik, natirèl, oswa ki baze sou lanati, epi yo pral ede rekonstwi ak amelyore kominote olon rivaj Lak Ontario a ak bò Rivyè St Lawrence lan yo nan fason dirab.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse ke Komisyon REDI a pral òganize yon konferans sou reyalizasyon pwojè yo nan Albany nan dat 20 Novanm. Konferans lan pral ofri benefisyè finansman REDI yo enfòmasyon sou reyalizasyon pwojè yo, ki gen ladan oktwa pèmi ak revizyon anviwònmanal, ansanm ak yon opòtinite pou yo rankontre ak ajans eta apwopriye yo pou asire yo reyalize pwojè REDI yo pi vit posib. Gouvènè a te anonse tou ke pral gen jiska 8 milyon dola ki disponib pou mèt kay kalifye ki gen dezyèm kay yo nan kad 20 milyon dola pakè asistans global pou mèt kay la pou ede tout manm kominote ki bò rivaj lak la yo rekipere yo apre dega ki gen rapò ak inondasyon yo.

"Jodi a, m ap anonse 31 pwojè REDI ap antre ki pral amelyore ak pwoteje enfrastrikti, abita, ak ekonomi lokal yo nan fason dirab nan konte Oswego ak Cayuga", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Dezan nan twazan ki sot pase yo te pote nivo dlo wo rekò olon

rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan, sa ki te andomaje kay ak enfracstrikti epi ki te frape ekonomi kominote nan zòn yo fò. Move moman mande pou gen solisyon novatris, epi se poutèt sa mwen te mande 11 ajans Eta New York pou yo mobilize ekspètiz yo epi elabore yon seri mezi, avèk opinyon kominote a, k ap kreye dirabilite alontèm. Pwojè enpòtan anpil sa yo sèvi kòm pwochèt etap esansyèl nan kad efò n ap fè pou n ede kominote ki olon rivaj sa yo atenn dirabilite, rezistans, ak dinamis ekonomik."

"Kominote k ap viv bò rivaj yo te fè fas a anpil gwo defi pandan ane ki sot pase yo. Se poutèt sa nou pran mezi agresiv pou n ede gouvènman lokal yo, biznis yo, ak pwopriyetè kay yo avèk sipò eta a pou amelyore rezistans ak reponn a efè inondasyon yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sa ki sible pou pwojè nan konte Cayuga ak konte Oswego a pral reponn a bezwen enfracstrikti yo pou asire dirabilite alontèm. Efò enpòtan sa yo pral ede konbat devastasyon ki soti nan fenomèn move tan ekstrèm, ranfòse ekonomi nou an, ak amelyore kalite lavi rezidan yo."

Depi rekò nivo dlo elve ki te fèt anvan sa a an 2017, Eta New York te angaje plis pase 100 milyon dola pou rekonstwi kominote sou rivaj Lak Ontario a ki te devaste nan inondasyon, sèlman pou yo viv menm eksperyans nivo dlo elve rekò ak inondasyon nan menm kominote sa yo ane sa a.

Yo te etabli senk rejyon REDI yo, ki gen uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfracstrikti a risk ak lòt resous yo, ak enkyetid sekirite piblik yo genyen. Komisyon REDI te atribiye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ki pral nan avantaj chak nan uit konte yo. Yo te atribiye balans ki rete a, ki se 235 milyon dola, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè vanse ak montre egzanp misyon REDI a.

Pou idantifye pwojè yo, sou yon peryòd twa mwa, REDI te òganize 25 reyinyon kominotè ak pati prenan ak atelye ak dè santèn rezidan lokal, li te konvoke plis pase 15 reyinyon komite planifikasyon, epi mande ajans ak ekspè jeni nan Eta New York pou konsakre dè milye èdtan pou evalye plis pase 500 pwojè ke kominote yo te pwopoze. Pwojè yo genyen ladan yo yon seri resous ki a risk, ki gen ladan estabilizasyon rivaj, sante ak sekirite piblik, enfracstrikti dlo ak dlo ize enpòtan, waf ak pò, ak pèt/valè tè, pami lòt priyorite ankò, kote yo te mete aksan sou karakteristik natirèl oswa ki baze sou lanati ak enfracstrikti ekolojik.

Pou chak pwojè, yo pral bezwen fè revizyon pèmi ant plizyè jiridiksyon yo, ak revizyon anviwònmantral ki asosye yo, anvan yo fè detèminasyon final pou pwojè kontinye. Pou bati rezilyans, redwi risk domaj pou pwopriyete yo alavni, epi minimize efè sou abita yo, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) te konpile règleman jeneral pou konsepsyon zòn kotyè ak pwojè devlopman yo. Gid sa yo gen ladan done teknik, konsèy regilasyon, pi bon pratik, ak resous ki disponib pou devlopman olon rivaj dinamik nan Gran Lak yo ak nan Rivyè St. Lawrence. Enfòmasyon teknik konplè sa ak otorizasyon ki pèmèt pou ede akselere pwosesis pou gen otorizasyon an disponib sou [pajwèb gid REDI a](#).

Pou kapab reponn pi byen ak defi nivo dlo elve poze, anplis de pwojè espesifik konte yo ke yo te anonse jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse yon efò pou Dragaj Rejyonal ki koute 15 milyon dola pou uit konte yo pou mentni chanèl navigasyon san danje nan pò ak bè Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence nan fason dirab. Chanèl sa yo enpòtan anpil pou mentni vitalite aktivite bato lwazi ak komèsyal yo, ki jenere anpil milyon dola chak ane nan aktivite ekonomik ak sipòte plis pase 1,000 djòb nan rejyon an.

Efò a pral reponn ak antretyen dragaj obligatwa nan omwen 17 chanèl pò yo itilize prensipalman pou bato lwazi. Yo ka itilize sediman dragaj apwopriye ki nan avantaj reyitilizasyon yo nan pwojè restorasyon ekosistèm yo oswa pwojè jesyon ewozyon yo, epi potansyèlman nan avantaj abita, kalite dlo, ak alimantasyon plaj.

Chak konte REDI yo ap resevwa omwen 15 milyon dola pou pwojè enfrastrikti piblik yo. Y ap siplemante 12 milyon dola pwojè yo rekòmande pou Konte Cayuga a avèk 3 milyon dola anplis pou pwojè piblik komite planifikasyon lokal la pral idantifye epi y ap swiv pwosesis REDI a nan twa mwa k ap vini la yo.

Lis konplè ki gen 31 pwojè nan konte Cayuga ak konte Oswego yo disponib [la](#). Pwojè REDI ke yo mete aksan sou yo ak pri ke yo estime y ap koute yo gen ladan:

- 6,500,000 dola pou Pwojè Debakadè Entènasyonal la (International Pier Project) nan Vil Oswego pou yo devlope yon espas bò rivaj dlo ki favorab a pyeton k ap konekte ak yon santye randone nan vil la. Pwojè a gen ladan enstalasyon dlo, sistèm egou sanitè, egou dlo lapli, ak sèvis elektrik, yon ak nan pòtay dantre a, kontwòl ak pakin machin yo, demenajman ak ranplasman lansman bato yo, ak pwoteksyon klwazyon ak twotwa debakadè a pou ranfòse rezistans.
- 6,100,000 dola pou Pwojè Pò Plezans Wright la (Wright's Landing Marina Project) nan Vil Oswego pou elve pò plezans lan epi amelyore rezilyans espas pwomnad, peyizaj, restoran "The Boathouse" la, fwaye dife, ak plis ankò.
- 4,800,000 dola Pwojè County Route 89 lan nan Vil Oswego, pral agrandi rezo egou sanitè ki la deja pou al nan nouvo lojman y ap konstwi pou SUNY Oswego a, ansanm ak distri komèsyal Lake Shore la kote y ap kolekte dlo k ap soti nan 78 pwopriyete. Pwojè sa a pral ofri yon sistèm koleksyon dlo lapli dirab pou kominote sa a, sa k ap amelyore rezilyans pwopriyete ak resous ki akote yo.
- 2,700,000 dola pou Pwojè Egou Dlo Lapli West Bay Road la (West Bay Road Storm Sewers Project) nan Vil Sterling pral enstale 2.9 kilomèt sistèm egou dlo lapli pou kolekte ak jere dlo lapli olon West Bay Road, sa k ap reponn a gwo pwoblèm ewozyon ak sediman k ap bote al nan bè a.
- 1,600,000 dola pou Santye Sant Lanati Sterling lan (Sterling Nature Center Trail) ak Pwojè Espas Pakin (Parking Area Project) nan Vil Sterling lan pou modènize Sant Lanati Sterling lan. Pwojè a pral minimize efè Lak Ontario a yo lè yo itilize sifas pèmeyab, twotwa, ak forè lapli, marekaj, ak plis ankò, epi li pral restore McIntyre Road, ki se sèl pwèn daksè pou sekouris ijans yo ka vin nan seksyon sa a olon rivaj lak la.
- 1,500,000 milyon dola pou Pwojè Pasrèl Pak Phillips la (Phillips Park Walkway Project) nan Vilaj Fair Haven pou retire espas pwomnad ki la deja, repare ak ranplase yon mi soutènman, enstale ankraj apwopriye, epi konstwi yon nouvo espas pwomnad ki konfòm ak nòm ADA yo. Y ap itilize pwomnad la pou yo peche pwason ak lòt itilizasyon lwazi.

- 1,500,000 dola pou Pwojè Ontario Shores Drive la nan Vil Sterling pral deplase, elve, ak rebetone 0.97 kilomèt wout tè, sa k ap asire rezidan yo ak sekouris ijans yo jwenn aksè a kay ki olon plaj la yo.
- 600,000 dola pou Pwojè Pak West Barrier Bar la nan Vilaj Fair Haven pral pwoteje pak la pou asire aksè piblik lè yo reyalizab wout la ak espas pakin lan. Ogmantasyon rezilyans wout sa a ak pak sa a enpòtan anpil pou pwoteje yon pò plezans ki touprè baraj an bawo a.
- 500,000 dola pou Pwojè Camp Hollis la na Vil Oswego pral reponn a pwoblèm estabilizasyon rivaj la pou anpeche debòdman sistèm septik la pou yo ka pwoteje sante ak sekirite piblik patisipan ki nan pwogram kan dete Biwo Jèn Konte-Vil Oswego a (Oswego City-County Youth Bureau).
- 480,000 dola pou Pwojè Joe Fultz Boulevard la nan Vil Scriba pou pwoteje wout la ak kay ki toupre yo. Pwojè a pral fè yon evalyasyon ekolojik an premye pou idantifye drenaj ak konektivite apwopriye ki genyen ant lak la ak marekaj toupre a, ansanm ak dragaj ak amelyorasyon kanivo wout yo.

Klike [isit la](#) pou w jwenn ilistrasyon ki montre imaj pwojè yo.

**Komisè DEC a ak Ko-Prezidan REDI a, Basil Seggos te deklare,** "Fas a 'nouvo nòm' nivo dlo wo olon rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan nan New York, Gouvènè Cuomo te kase manch chemiz li epi li te mande ekspè ajans eta New York la yo pou yo elabore solisyon reyalizab byen rapid. Pwojè REDI li anonse jodi a yo se yon koleksyon pwojè fonksyonèl dirab ki pral ede kominote Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan yo vin pi djanm ak pi rezistan".

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development (ESD) ak Ko-Prezidan Komisyon REDI, Eric Gertler te deklare,** "Rekonstwi pi rezistan pi enpòtan plis pase jamè avan lè nou konsidere nouvo reyalite anviwònmantral k ap ogmante nivo dlo yo olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan. Komisyon REDI a ap travay di pou asire ke kominote yo pa sèlman reprann yo pi vit apre evènman move tan destriktif yo, men pou yo pi djanm ak pi byen prepare alavni, fas a efè malere chanjman klimatik yo".

Yo te rezève trant milyon dola nan fon REDI yo pou Pwogram Rezilyans Biznis Lak Ontario a (Lake Ontario Business Resiliency), ke Empire State Development pral administre. Nan kad pwogram lan, ESD pral bay sibvansyon jiska 200,000 dola pou aplikan ki kalifye yo ki gen eksperyans jere domaj fizik dirèk ki gen rapò ak inondasyon akòz nivo dlo elve ki soti nan Lak Ontario ak nan Rivyè St Lawrence an 2019. Yo ap atann ke tip aplikan ki elijib yo gen ladan ti biznis yo, òganizasyon san bi likratif yo, fèm yo, asosyasyon pwopriyete kay yo ak mèt pwopriyete alwe yo. Nan kad Pwogram lan, sibvansyon yo ap disponib pou ranbouse jiska 50 pousan nan pwojè amelyorasyon kapital yon aplikan ki kalifye ki fèt pou ranfòse biznis yo kont konsekans inondasyon a lavni epi fè biznis yo pi rezilyan fas a lanati. Chak pwojè dwe resevwa sipò korespondan tou nan men gouvènman lokal yo k ap rive omwen 5 pousan fon eta ototal y ap akòde nan kad pwogram lan. Sa yo ap atann nan men kontribisyon lokal yo dwe enkli, men pa limite a, sèten egzonerasyon taks ke Otorite Devlopman Endistriyel yo ofwi yo, dispans gouvènman lokal yo nan depans òdinèman akòz pèmi ak frè yo, ak depans dirèk pa gouvènman lokal yo sou enfrastruktir ki gen rapò ak pwojè. Pou w resevwa notifikasyon

lè Pwogram Rezistans Biznis Lak Ontario a ap aksepte aplikasyon yo, tanpri ranpli fòmilè admisyon yo te pibliye resaman [la](#).

Anplis de pwojè yo anonse jodi a, Biwo Depatman Kay ak Renouvèlman Kominotè (Department of Homes and Community Renewal, HCR) Eta a ap administre yon Pwogram Asistans Pwopriyetè Kay endividyèl 2019 ki pral bay rezidan nan rejyon ki gen uit konte ki afekte jiska 50,000 dola nan finansman eta a pou ede konpanse domaj yo a rezidans prensipal yo. Peryòd aplikasyon pwopriyetè kay la ouvri jiska 31 Oktòb 2019, epi ou ka jwenn plis enfòmasyon sou aplikasyon an [isit la](#).

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Kòm kominote bò rivaj Lak Ontario a kontinye reprann anba efè inondasyon devastatè yo, li enpòtan anpil pou nou fè kalite envestisman ki pral ranfòse enfrastrikti alontèm. Nan amelyore rezilyans atravè rejyon ki pwone inondasyon, nou ka asire efò rekipèrasyon pou pwopriyetè kay yo ak biznis yo pral dirab".

Anpil nan pwojè yo REDI enkòpore enfrastrikti vèt oswa natirèl oswa karakteristik ki baze sou lanati epi yo pral fèt pou yo pa gen okenn oswa minimòm enpak anviwònmanal. Enfrastrikti vèt se yon apwòch efikas, anviwònmanal, benefik ak rezilyan pou jere enpak tan plivye yo. Pandan ke enfrastrikti dlo lapli konvansyonèl la, tankou kanal drenaj ak sistèm tretman dlo, yo fèt pou elwanye dlo lapli ki soti nan anviwònman an ki bati, enfrastrikti vèt diminye ak trete dlo lapli nan sous li pandan yo ap bay anviwònman benefis ekonomik san yo pa detwi abita oswa deranje karakteristik natirèl yo. An plis, [Gouvènè Cuomo te fèk anonse ke](#) ke nan diskou Eta ane pwochèn, li pral prezante yon inisyativ dinamik ki vize pou restore abita chèf nasyon an, "Reviv Manman Lanati". Menm jan ak anpil pwojè REDI ki anonse jodi a, Reviv Manman Lanati pral sipòte efò kritik restorasyon anviwònmanal, pou ede fè kominote yo pi rezilyan devan chanjman klima ak move tan, pandan yo ap tou restore ak ogmante pwason ak abita bèt sovaj.

**Konseye Jiridik Enterimè Kòporasyon Environmental Facilities Corporation an Maureen Coleman te deklare,** "Gouvènè Cuomo fè New York vin lidè nan envestisman kritik enfrastrikti dlo. Enfrastrikti vèt bay anpil benefis nan kominote yo anplis de soulaje kont inondasyon: filtraj polyan, recharge akwifè, rivyè ak sous dlo, restore abita, refwadisman anviwònman ozalantou a, diminye polisyon nan lè a, ak diminye itilizasyon enèji. Anons Gouvènè Cuomo jodi a se yon etap enpòtan pou rann kominote atravè Empire State rezilyan devan chanjman klima, epi pou ede yo prepare pou yon avni dirab".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare.** "Pwojè ke yo idantifye yo se rezilta yon dyalòg konstrikatif ak pozitif ak kominote a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li chèche pèspektiv lidè lokal yo epi swiv etap ki reyèlman pral nan benefis rejyon sa yo".

**Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare,** "Eta New York te toujou alatèt efò pou rantabilize pwen fò lidè lokal ak eta a yo pou pwoteje ak amelyore gran resous li yo. Pwojè yo te anonse jodi a yo se yon demonstrasyon byen klè ki montre angajman Gouvènè Cuomo pran pou l prezève sante ak sekirite rezidan New York yo pa mwayen pwoteksyon enfrastrikti enpòtan yo ki olon Lak Ontario a. Nan Depatman Deta

(Department of State) nou kontinye travay an kolaborasyon etwat avèk anpil nan kominote sa yo pou revitalize bò rivaj yo epi ranfòse rezilyans yo pandan yo ap ogmante itilizasyon enfrastrikti vèt yo tou. Nou konnen kòman stabilizasyon rivaj ak envesti nan byen ki nan zòn kotyè yo enpòtan tankou lansman bato ak waf nan ekonomi lokal la ak nan mòd de vi ki konekte ak dlo a. Apèl a laksyon Gouvènè a lanse an ete sa a te reponn ak ide pwojè fò, e li pral byento rezilta nan plis kominote rezilyan sou rivaj la".

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services), RoAnn Destito te deklare,** "Gouvènè Cuomo se yon defansè solid pou kominote Lak Ontario ki afekte pa inondasyon yo. Komisyon REDI a ki gen plizyè ajansli te tabli a te reyini resous ekspè gouvènman yo ansanm pou yo chache jwenn solisyon epi bay bon jan finansman konsiderab pou pwojè k ap ranfòse rezistans ak ede pwoteje bò rivaj Eta New York lapaske nou prevwa ap gen plis dega k ap kontinye fèt akòz move tan ekstrèm ak efè chanjman klimatik yo".

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Lè kominote Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence t'ap souffri, Gouvènè Cuomo te pran aksyon desizif pou reponn a inondasyon epi ofri finansman pou ede fòtifye enfrastrikti enpòtan yo. Mwen te fè yon toune nan anpil sit depi inondasyon an te kòmanse ak wè enpak li genyen sou rezidan yo, biznis yo ak enfrastrikti de fason dirèk. Depatman Transpò Eta kanpe ak kominote ki afekte yo, nou pare pou ede eta nou an ak patnè lokal yo pandan ke yo ap vanse nan direksyon yon avni ki pi djanm, pi dirab olon rivaj la".

**Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la (New York State Homeland Security and Emergency), Patrick A. Murphy te deklare,** "Malgre efò enkwayab patnè leta yo ak lokal yo pou prepare yo pou, ak reziste, dlo inondasyon k'ap monte yo, sèlman fason nou ka vrèman pwoteje sante alontèm an kominote Lak Ontario a se nan adopte yon vizyon olistik sou lak la ak jwenn fason pou ranfòse rezistans rivaj la. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo ak travay di manm Komisyon REDI an, nou pa sèlman gen yon plan anplas pou kòmanse travay sa a, men nou jwenn finansman ki nesèsè pou fè pwojè sa yo vin reyalyite".

**Gil Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Elektrisite New York la (New York Power Authority, NYPA) te di,** "Gwo Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo enpòtan anpil pou ekonomi eta nou an. Nou, nan NYPA, nou kontan wè investisman Gouvènè a nan pwojè REDI nan konte Cayuga ak Oswego ki pral ede kominote rivaj nou yo vin pi rezilyan nan epòk chanjman klima imans sa".

**Komisè Depatman Travay la (Department of Labor), Roberta Reardon, te di,** "Travay Komisyon REDI a se yon gwo egzantp an antye ki pi gran pase sòm tout pati li yo. Eta a, konte yo, ak minisipalite yo te bezwen travay ansanm pou ede kominote bò rivaj yo epi yo te fè sa an gran jan. Se te yon lonè pou m te patisipe nan pwosesis sa a ki reprezante gouvènman nan pi bon fòm li".

**Vis Prezidan DASNY an, Paul G. Koopman te di,** "DASNY fyè pou sipòte inisyativ REDI Gouvènè Cuomo a. Nou kanpe toupare pou ede reponn ak bezwen kominote ki afekte sa yo, pou ede yo vin pi rezilyan fas a yon anviwònman ki toujou ap chanje".



**Senatè Pamela Helming te deklare,** "Plan 2014 la te detwi enfrastrikti kominote rivaj lak nou an yo, men nou toujou rete angaje pou n rekonstwi ak prepare pou lavni. Anons finansman jodi a pral ede repare dega ki te fèt yo epi travay pou pwoteje rezidan ak ti biznis lokal nou yo kont katastwòf alavni. Mèsi tout moun ki te travay pou yo sekirize finansman nou byen bezwen sa a".

**Senatè Patty Ritchie te deklare,** "Pou yon dezyèm fwa nan sèlman twazan, nou te wè kominote yo, biznis yo, ak mèt kay yo soufri efè devastatè yon gwo evènman inondasyon te kite dèyè. Mwen kontan anpil paske Gouvènè Cuomo te rekonèt non sèlman li enpòtan pou n ede moun yo reprann yo, men tou nou bezwen elabore yon kantite pwojè ki pral ede Konte Oswego amelyore ekonomi l, devlope opòtinite touris li yo ak pi byen pwoteje lè gen evènman inondasyon alavni".

**Manm Asanble William Barclay te deklare,** "Mwen apresye lidèchip Gouvènè a nan kad efò pou reponn a inondasyon katastwofik nou te genyen olon rivaj Lak Ontario a. Mwen te kontan pou m travay ak Gouvènè Cuomo pou n sekirize 300 milyon dola nan finansman REDI. M swete, pwojè yo chwazi yo pral ede prezève resous natirèl ki gen sou tèren piblik yo, opòtinite lwazi ki gen sou rivaj lak la, ak amelyore kèk wout, sistèm dlo lapli ak sistèm egou yo. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè a pou n anile Plan 2014 la".

**Manm Asanble Brian Manktelow te deklare,** "Finansman pou pwojè sa yo enpòtan anpil pou kominote yo nan zòn nò konte Cayuga ak zòn lwès konte Oswego pou yo rekipere yo apre inondasyon Plan 2014 la te lakoz la. 4.8 milyon dola pou Vil Oswego k ap pwolonje liy egou sanità a pou rezidan ak biznis ki olon Lak Ontario a yo se yon bagay ki te preyokipan depi byen lontan. Fair Haven, Sterling Nature Center ak Vil Sterling pral vrèman jwi avantaj k ap soti nan anpil milyon dola y ap investi la. Sela etan, mwen konplètman sipòte kèlkeswa mezi yo dwe pran pou anile Plan 2014 la".

**Prezidan Lejislati Konte Cayuga a, Tucker Whitman, te deklare,** "Piske inondasyon rekò kontinye poze risk pou byennèt kominote k ap viv bò rivaj nan rejyon nou an, Gouvènè Cuomo ap dirije repons efikas Eta New York ap bay pou pote èd kote ki bezwen yo plis. Gras a nouvo finansman sa a pou pwojè REDI yo toupatou nan konte Cayuga ak Oswego, nou pral kapab konstwi pi djanm ak pi byen pou n reziste anba menas nivo dlo wo yo".

**Steve Lynch, Direktè Planifikasyon ak Devlopman Ekonomik pou Konte Cayuga a, te deklare,** "Inondasyon Lak Ontario a te frape biznis ak minisipalite nan Konte Cayuga yo fò an 2017 ak 2019, sa ki te afekte ekonomi an ak rezidan yo. Pwojè novatè yo te elabore nan kad pwogram REDI Gouvènè Cuomo a pral ede rezidan ak biznis nivo dlo wo yo te afekte nan Konte Cayuga a yo pou yo ka rekonstwi ak plis rezistans ak estabilite alontèm. Nou aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap pran mezi desiziv epi konsevwa yon plan byen rapid ki pral ede gouvènman lokal yo, biznis yo, ak mèt kay yo rekipere yo apre inondasyon an epi konbat devastasyon evènman move tan yo alavni".

**James Weatherup, Prezidan Lejislati Konte Oswego a, te deklare,** "Konte Oswego gen prèske 63.4 kilomèt rivaj Lak Ontario a. Yon bon longè seksyon ki nan zòn lès rivaj la, zòn Lak Ontario a sibi pifò dega lè w melanje nivo dlo lak la ak mare tanpèt wo yo.

Kondisyon yo pandan ane ki sot pase la yo te lakoz anpil difikilte pou popilasyon an ak pou mèt pwopriyete prive yo. Asistans jenere Gouvènè Cuomo ak Komisyon REDI a te bay la pral ede atenyè pifò nan dega nou te andire pandan l ap ede nou evite oswa omwen minimize pwoblèm nivo dlo wo yo alavni. Nan non tout manm kominote piblik ak prive Lakeshore la nan Konte Oswego, nou ekstrèmman rekonesan pou asistans lan!"

**Billy Barlow, ki se Majistra Oswego a, te deklare,** "Mwen sensèman remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman inebranlab li pran anvè kominote k ap viv bò rivaj nou yo ki bezwen èd. Pwojè komisyon REDI a te idantifye yo enpòtan anpil pou rekipasyon nou epi yo pral pèmèt nou non sèlman repare ak ranplase enfrastrikti enpòtan ak pwopriyete ki te sibi domaj yo, men tou y ap rekonstwi nan fason ki pi entèlijan ak pi djanm pase jamè avan. Men ak kisa lidèchip nan zafè klima sanble".

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, se Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (DEC) Eta New York ak Empire State Development k ap dirije Komisyon REDI a. Lòt ajans ak otorite ki ap patisipe yo gen ladan Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York), Biwo Sèvis Jeneral Eta a, Depatman Transpòtasyon, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Biwo Renouvèlman ak Kominote Eta New York, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), Otorite Enèji New York, Depatman Travay Eta a, ak Depatman Deta Eta New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)